

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa mangrupa mahluk sosial (*homo socius*) nu teu bisa leupas ti jalma lian katut budaya anu geus ngajanggélék marengan kahirupanana, boh dina sikep boh dina laku lampahna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Mahalli (2016), yén budaya dina kahirupan manusa nyoko kana sababaraha aspék nu ngawengku cara mikir, paripolah, kapercayaan, sikep, jeung hasil kagiatan manusa anu has pikeun masarakat nu tangtu.

Budaya anu lahir di masarakat mangrupa hasil tina pola pikir manusana sorangan, ku sabab manusa miboga akal jeung pikiran. Sakumaha anu ditétélakeun ku Maftuhin (2016, kc. 71), yén kabudayaan atawa budaya mangrupa hasil cipta, rasa, jeung karsa nu dianggap hadé, sabab dibarengan ku ayana prosés mikir manusa anu sipatna abstrak/métafisik jeung matérial.

Kahirupan manusa di alam dunya ngalaman sababaraha prosés anu ilaharna disebut daur hirup/*life cycle*. Ti mimiti gubrag ka alam dunya nepi ka maotna. Sakumaha anu ditétélakeun ku Prawira Soeganda (1982, kc. 5), yén manusa ngalaman opat fase dina kahirupanana, nyaéta lahir, sunatan, kawin, jeung maot. Éta pamadegan téh méh sawanda jeung anu ditepikeun ku Hadiati (2016), yén daur hirup mangrupa prosés hiji jalma, nu mimiti lahir sanggeus salapan bulan aya dina pianakan indungna, tuluy jadi jalma déwasa, kawin, boga budak, hirup babarengan jeung salaki/pamajikanna, tuluy tungtungna maot.

Dina bagian kahirupan anu dianggap penting ilaharna sok dibarengan ku ayana hiji kagiatan atawa ritual anu geus jadi kabiasaan masarakatna. Ieu kagiatan disebut tradisi. Tradisi mangrupa bagian tina kabudayaan nu diciptakeun ku manusa ngaliwatan ide jeung pamikiranana. Kecap tradisi asalna tina basa Latin *tradition* nu hartina “dituluykeun” atawa “kabiasaan”. Tradisi minangka hiji hal nu geus lila dilaksanakeun sarta geus jadi bagian dina kahirupan masarakatna.

Masarakat ilaharna sok ngayakeun hiji kabiasaan atawa adat anu patali jeung daur hirup, ti mimiti adat ngawinkeun, kakandungan, sanggeus ngajuru, sunatan, nepi ka

maotna. Dina *Ensiklopedia Sunda*, ditétélakeun yén aya sababaraha adat anu patali jeung daur hirup, nyaéta adat ngawinkeun, adat nu nyiram, adat ngariksa nu reuneuh, adat ngaraksa nu ngajuru, adat mulasara bali, jeung adat ngurus orok (Rosidi, 2000, kc. 14-20). Ieu hal diwewegan ku Prawira Soeganda (1982, kc. 5), yén adat dina prosés daur hirup manusa, di antarana nyaéta ti mimiti kawin aya tradisi nanyaan, ngeuyeuk seureuh, nyawér, buka pintu, huap lingkung, numbas, jsb. Dina lahiran aya tradisi tingkeb, mandi kembang, ngurus orok, mulasara bali, pépéling-pépéling pikeun salaki, masrahkeun anu kakarak ngajuru ka salakina, mudun lemah, jsb. Dina sunatan aya tradisi ngaleunggeuh, mandi kembang, jsb. Sarta dina maot aya ngamandian mayit, ngurebkeun, sidekah, melak kamboja, jsb.

Salah sahiji tradisi anu aya dina prosés daur hirup manusa, nyaéta lahiran nu masih dilaksanakeun ku urang Sunda, Hususna di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor. Dina tradisi lahiran téh aya sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun, saperti puput tali puseur, ngurut-ngirabkeun, ngurut netepkeun, ngurut ngarérékép, mahinum, jsb. Dina éta kagiatan téh aya anu direuah-reuah, aya ogé anu henteu, gumantung kana kamampuh séwang-séwangan. Tradisi mahinum kaasup kana salah sahiji kagiatan anu direuah-reuah ku masarakatna. Ieu tradisi mangrupa kagiatan salametan anu dilaksanakeun ku masarakat dina waktu budak umur 40 poé. Mun di daérah séjén tradisi mahinum téh méh sarua jeung tradisi babanyo anu aya di tatar Sunda daérah séjénna, atawa tradisi selapanan anu dilaksanakeun di Jawa, tradisi turun mandi di Minangkabau, jeung marhabaan anu ilahar dilaksanakeun ku masarakat anu ngagem agama Islam (Fachrurrofi, 2018). Sok sanajan méh sarua dilaksanakeun dina waktu 35-40 poé sabada ngalahirkeun, unggal tradisi tangtu miboga ciri hasna séwang-séwangan, anu teu dilaksanakeun dina tradisi-tradisi séjén.

Dina unggal tradisi, ilaharna dipidangkeun kaolahan has anu tara dijieun unggal waktu. Kitu ogé dina tradisi mahinum, aya hiji kaolahan anu disebut pahinum. Pahinum mangrupa kaolahan anu dijieun tina rupa-rupa bahan. Dina *Ensiklopedia Sunda*, ditétélakeun yén pahinum mangrupa kaolahan nu dijieun kawas angeun atawa jajamu dina waktu ka-40 poé sabada ngalahirkeun (Rosidi, 2000, kc. 43). Ieu hal diwewegan ku Danadibrata (2015, kc. 482), yén pahinum nyaéta rupa-rupa papaitan nu diinum,

Dini Muliani, 2021

TRADISI MAHINUM DI DÉSA CIPICUNG KECAMATAN CIJERUK KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngawengku beubeutian, akar-akaran, dangdaunan anu sok dipaké tamba digodog kabéh jadi hiji, sarta sok jadi inuman anu tas orokan.

Hiji tradisi tangtu miboga ma'na pikeun masarakatna, boh anu nembrak boh anu nyamuni. Tradisi bisa dipaluruh ma'na anu nyangkaruk di jerona, ku manusana sorangan. Ku sabab dina hakékatna manusa mangrupa mahluk nu tuluy néangan ma'na nu aya di sabudeureun kahirupanna, kaasup ma'na anu aya dina hiji tradisi. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Danesi jeung Perron (dina Hoed, 2014, kc. 17), yén manusa minangka mahluk *homo culturalis*, nyaéta mahluk nu tuluy hayang maluruh ma'na tina sagala hal nu dipanggihanana (*meaning-seeking creature*). Tradisi mahinum miboga ma'na anu kacida pentingna pikeun dipiwanoah sarta diriksa, boh ku generasi ayeuna boh ku generasi satuluyna. Lian ti ma'na, tradisi mahinum ogé mibanda tanda anu kudu dipaluruh sangkan kaguar ma'na anu aya di jerona. Ulikan anu maluruh ngeunaan tanda disebut sémiotik.

Sémiotik nyaéta élmu anu maluruh ngeunaan tanda katut unak-anikna. Tanda mangrupa sakabéh hal anu nyampak dina pikiran manusa boh sacara fisik boh sacara méntal, anu dima'naan ku manusana sorangan. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 95), sémiotik mangrupa élmu anu nalungtik sagala rupa dina posisi minangka wakil ti nu séjénna. Sémiotik jadi salah sahiji ulikan dina néangan ma'na ngaliwatan tanda anu nyampak dina kahirupan manusa. Ieu hal luyu jeung pamadegan Hasida (2018) nu nétélakeun yén tanda nyaéta hiji perangkat anu dipaké pikeun néangan jalan sarta ma'na anu aya dina kahirupan manusa.

Kamekaran téhnologi kiwari tétéla loba mangaruhan kana sikep tur laku lampah masarakat nu geus teu pati maliré kana budayana. Ieu hal luyu jeung nu ditétélakeun ku Rohani (2018, kc. 153), yén loba nonoman nu leuwih milih budaya deungeun tibatan budaya tradisional. Cindekna, para nonoman teu ngabogaan kasadaran pikeun ngamumulé budayana sorangan. Ku kituna, perlu aya tarékah pikeun ngajaga, ngariksa sarta ngamumulé éta budaya. Salah sahiji tarékah nu bisa dilakukeun nyaéta ngaliwatan pangajaran di sakola. Dumasar kana Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD) Basa Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 di SMA Kelas XII, diajarkeun perkara maca nu Kompetensi Dasarna 3.5. *Menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks artikel*

Dini Muliani, 2021

TRADISI MAHINUM DI DÉSA CIPICUNG KECAMATAN CIJERUK KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

berbahasa Sunda. Nilik kana éta Kompetensi Dasar, pangajaran artikel aya dina kurikulum. Ku kituna, artikel ngeunaan tradisi mahinum di Désa Cipicung bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Fany Oktavia (2010) nu medar ngeunaan “Simbol Budaya nu Nyampak dina Tradisi Sambel Séréh Sabada Ngalahirkeun di Kampung Cikonéng Langkob Désa Alam Éndah Kacamatan Rancabali Kabupatén Bandung”. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun simbol budaya anu kapanggih dina tradisi sambel séréh di Kampung Cikonéng katut prak-prakan nyieun sambel séréh.
- 2) Uus Sugiana, spk. (2014) nu medar ngeunaan “Tradisi Ngayun di Kecamatan Rawamerta Kabupaten Karawang (Kajian Struktural-Semiotik)”. Hasil tina éta panalungtikan ngajelaskeun jeung méré gambaran ngeunaan unsur sosial budaya dina tradisi ngayun, struktur lahir tradisi ngayun, sarta tradisi ngayun miboga ma’na husus anu patali jeung harepan pikeun nyangking kabagjaan, kasalmetan, jeung kaséhatan orok.
- 3) Nurlela Novianti (2015) nu medar ngeunaan “Upacara Adat Gusaran anu Aya di Desa Tambakmekar Kacamatan Jalancagak Kabupaten Subang: Ulikan Struktural jeung Sémiotik”. Hasil tina éta panalungtikan nyaéta 1) sajarah upacara adat gusaran geus aya ti jaman para wali, upacara adat gusaran dilaksanakeun saacan budak disunatan–tujuanana pikeun meresihan budak tina najis, 2) kagiatan upacara adat gusaran dimimitian ku ngalaksanakeun nyembahkeun, mandi konéng, jeung gusaran, 3) unsur sémiotik nu nyangkaruk dina upacara adat gusaran nyaéta aya 25 nu kaasup kana simbol, 8 anu kaasup indeks, jeung 6 kaasup kana ikon.
- 4) Fachmi Fachrurrofi (2018) nu medar ngeunaan “Tradisi Babanyo di Kecamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)”. Hasil tina éta panalungtikan ngajelaskeun unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi babanyo. Hasil panalungtikanna dijieun salah sahiji alternatif bahan ajar maca artikel anu aya di SMA kelas XII.
- 5) Febby P. Klarissa, spk. (2019) nu medar ngeunaan “Analisis Liminalitas pada Upacara Nyawen dan Mahinum di Dusun Sindang Rancakalong Sumedang”. Hasil

tina éta panalungtikan nunjukkeun yén kagiatan nyawen jeung mahinum mangrupa sarana pikeun nyangking kasalametan nalika kakandungan nepi ka ngajuruna.

Tina sababaraha judul panalungtikan anu geus disebutkeun di luhur, sacara umum museur kana pedaran ngeunaan salah sahiji bagian dina daur hirup manusa, sarta diwewegan ku analisis kana unsur séjénna. Sok sanajan dina sababaraha judul anu geus diwincik téh sarua ngabahas salah sahiji bagian dina daur hirup manusa sarta unsur sémiotikna. Tapi dina ieu panalungtikan aya bébédaanna, nyaéta palebah objék jeung subjék anu diulikna. Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan téh bisa méré informasi anu anyar ngeunaan tradisi anu aya di tatar Sunda, hususna tradisi mahinum.

Ulukan ngeunaan sémiotik dina tradisi mahinum can kungsi digarap. Ku kituna ieu panalungtikan diayakeun pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan tradisi mahinum, sangkan bisa dipikawanoh jeung dimumulé ku masarakat, hususna nonoman Sunda. Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji bahan ajar anu luyu jeung KIKD. Ku kituna perlu ngayakeun ieu panalungtikan kalawan judul “Tradisi Mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulukan Sémiotik)”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah nu bakal ditalungtik dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap:

- 1) Kumaha prak-prakan tradisi mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor?
- 2) Naon waé alat (properti) jeung bahan anu kudu aya dina tradisi mahinum?
- 3) Naon unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum sarta husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho unsur sémiotik dina tradisi mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) prak-prakan tradisi mahinum,
- 2) alat (properti) jeung bahan anu kudu aya dina tradisi mahinum,
- 3) unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi mahinum, jeung
- 4) larapna tradisi mahinum pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat isu jeung aksi sosial, sarta 4) mangpaat kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan budaya, hususna tradisi mahinum anu aya di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor. Sarta bisa dijadikeun référénsi kana pangajaran basa Sunda, sangkan bisa dimangpaatkeun pikeun ngalengkepan atawa acuan dina tarékah ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan budaya lokal di Jawa Barat anu hadé pikeun siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun guru, méré informasi jeung référénsi dina ngajar ngeunaan tradisi mahinum di Désa Cipicung.
- 2) Pikeun siswa, méré informasi ngeunaan tradisi mahinum di Désa Cipicung tur dipiharep bisa numuwuhkeun kareueus kana tradisi anu aya di tatar Sunda.
- 3) Pikeun masarakat, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi mahinum sarta méré motivasi pikeun masarakat, hususna nonoman jaman kiwari sangkan miboga tarékah pikeun ngamumulé budaya Sunda.
- 4) Pikeun panulis, bisa ngeuyeuban pangaweruh panulis ngeunaan budaya, hususna ngeunaan tradisi mahinum.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta ngeuyeuban pangaweruh masarakat utamana ngeunaan unsur sémiotik dina tradisi mahinum anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep sangkan Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Kabupatén Bogor ogé Provinsi Jawa Barat bisa ngahirup-huripkeun kana asét budaya sarta bisa jadi bahan publikasi pikeun ngawanohkeun jembarana budaya di Kabupatén Bogor.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, medar tiori nu patalina jeung panalungtikan. Sawatara tiori anu dipedar di antarana konsép budaya, tradisi, sémiotik, jeung bahan pangajaran.

Bab III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun tur ngadéskripsikeun alat jeung bahan anu aya dina tradisi mahinum, prak-prakan tradisi mahinum, unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi mahinum, jeung bahan pangajaran maca artikel (tradisi mahinum) di SMA kelas XII.

Bab V Kacindekan jeung Saran, ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.